Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- daan na wax ci diggante ñaari sujjóot yi: «Rabbi ixfir lii, Rabbi ixfir lii

Jële nañu ci Husayfata -yal na ko Yàlla dollee gërëm- mu wax ne: Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- daan na wax ci diggante ñaari sujjóot yi: «Rabbi ixfir lii, Rabbi ixfir lii».

[Wér na] [Abóo Daawuda soloo na ko, ak An-nasaa'iy, ak Ibnu Maaja, ak Ahmat]

Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- bu daan toog ci diggante ñaari sujjóot yi da daan wax: Rabbi ixfir lii, Rabbi ixfir lii, di ko baamtu. Maanaam Rabbi ixfir lii mooy: jaam bi sàkku ci Boroomam mu faral ko ay bàkkaaram te suturaal ko ay ayibam.

http://sunnah.global/hadeeth/wo/show/65104